

TI BIZNIS

Mache

Anplwayè ki genyen 2 jiska 50 anplwayé ki ekivalan a travayè k'ap travay an plen tan ap gen chwa pou yo jwenn asirans santé atravè Opsyon Pwogram Santé pou Ti-Biznis. (Small Business Health Options Program: SHOP).

Enskripsyon / Kondisyon

Yon anplwayè dwe genyen lokasyon biznis prinsipal li, oubyen yon zòn kote anplwayé yo ap travay, nan zòn ki genyen sèvis sa (SHOP), anplwayè sa dwe genyen omwen yon anplwaye ki kalifye pou li ka patisipe nan makèt asirans santé a, anplis de sa li dwe genyen 50 ou mwens anplwayé ki ekivalan a anplwayé k'ap travay an plen tan, e li sipoze ofri asirans santé pou tout Anplwayé k'ap travay an plen tan yo atravè pwogram SHOP la.

Kredi sou taks

Gen kredi sou taks ki disponib pou anplwayè ki kalifye ki: genyen mwens ke 25 anplwayé k'ap travay an plen tan oubyen ekivalan li, ki peye an mwayèn \$50,000 dola kòm salè anyèl, e ki kontribye omwen 50% pou peman mansyèl anplwayé li yo.

Sanksyon

La lwa pa exije ke ankenn anplwayè ofri asirans santé. Sepandan, genyen kèk anplwayè ki genyen 100 ou plis travayè ki ekivalan a anplwayé k'ap travay an plen tan k'ap peye penalite si omwen yonn nan travayè sa yo resevwa yon Advanced Premium Tax Credit atravè mache asirans lan, si anplwayè sa yo deside yo pap ofri asirans, oubyen si asirans yo ofri a twò chè pou travayè yo.

Pa bliye verifye


Sonje pou ou verifye ke ou ap achte asirans santé nan men yon konpayi ki genyen patant legal pou vann li. Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan ajan yo, konpayi yo, oubyen navigatè yo, tanpri kontakte sèvis kliyantèl nan Depatman Sèvis Finans lan: Rélé 1-877-MY-FL-CFO 1-877-693-5236 oubyen vizite: www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/PurchasingInsurance.

Pou plis enfòmasyon ak asistans tanpri vizite

www.MyFloridaCFO.com
oubyen Rele: 1-877-MY-FL-CFO
1-877-693-5236

Refòm Asirans santé Ak Oumenn
www.MyFloridacfo.com/Division/Consumers/HealthReform.htm

Resous adisyonèl
www.Healthcare.gov
1-800-318-2596



revize an Novanm 2016

REFÒM SWEN SANTÉ AK OU MENM

Gid ou pou Affordable Care Act



AFFORDABLE CARE ACT

MACHE ASIRANS SANTE

Affordable Care Act la te siyen kòm lwa nan mwa Mas 2010. Pwoteksyon pou Pasyan avèk Affordable Care Act la (PPACA) ki te siyen kòm lwa 23 Mas 2010, te modifye pa pwojè lwa Swen Santé e Rekonsilyasyon pou Edikasyon (Health Care and Education Reconciliation Act) le 30 Mas 2010. “Affordable Care Act” se non ke yo adopte kòm etan dènye amandman pwojè lwa a.

Yonn nan premye chanjman ke lwa sa a (Affordable Care Act) te kreye se fason ke asirans santé ofri e kijan pou yon moun peye pou li nan Etazini atravè yon mache pou asirans santé ki disponib pou chak grenn moun oubyen ti biznis.

Kalifikasyon

Yon moun dwe:

- Viv nan zòn jeyografik kote plan sa a apwouve pou'l opere.
- Sitwayen Ameriken oswa natif de zil Ameriken yo; oubyen
- Ou pa Sitwayen men ou nan Etazini legalman.
- Fò ou pa nan prizon.

Manda pou Chak grenn moun

Li egzije ke pifò moun genyen asirans santé oubyen garanti oubyen fè fas a pinisyon. Ou kapab jwenn asirans santé atravè anlwayè ou, yon plan pou tèt ou sèlman, oubyen atravè kèk lòt pwogram ki genyen. Ekzijans lan gen kèk eksepsyon ladan'l.

Enskripsyon

Enskripsyon kòmanse Premye Novanm, l'ap kòmanse pwoteje ou premye Janvyè. Pou'w garanti ke pwoteksyon an kòmanse premye Janvyè, ou dwe enskri anvan oubyen jou 15 Desanm nan menm. Enskripsyon an ap kontinye jiska 31 Janvyè, avèk lòt dat Pwoteksyon an ap komanse.

Pwosè enskripsyon

Pwosè enskripsyon an egzije ke ou fè yon sèl aplikasyon e lap detèmine si'w elijib pou plan

asirans santé atravè mache asirans santé a ansanm avèk kalifikasyon pou kredi sou taks ou e pri redui ou ka pataje. Aprè sa, ou ap kapab konpare plan yo avèk yon zouti pou konpare yo kreye sou nèt la pou sa.

Re-enskri

Pou moun yo ki te deja achté yon plan asirans, li enpòtan ke ou verifye enfòmasyon pèsonèl ou sou kont mache asirans santé ou. Se vre ke li posib ke ou pa egzije fè ankenn aksyon, men kanmenm se yon bon lide pou ou verifye tout enfòmasyon pou'w maksimize nenpòt ki asistans finansyèl ou ka resevwa. Anplis de sa, sonje pou'w konpare tout posibilite pou'w jwenn plan an ki ede ou plis ak bezwen pèsonèl ou. Se vre ke pri ou ap peye pa mwa a se yon enpòtan faktè lè ou ap chwazi yon plan, men asire ou ke ou konpare pri wap pataje a, konpare founisè asirans yo, ak lis dwòg yo ki disponib. Lis dwòg la se yon lis medikaman, preskripsyon dwòg ke plan santé ou prefere.

Navigatè

Navigatè yo se yon seri de moun ki rekonèt pa la lwa e ki resevwa antrènman pou yo kapab ede konsomatè prepare aplikasyon pou etabli kalifikasyon e enskri ou nan yon plan ke ou kapab achte sou mache asirans lan. Navigatè sa yo ofri edikasyon sou mache asirans lan e menm refere ou bay yon pwogram ki ede konsomatè si sa nesèsè.

Kredi sou Taks

Kalifikasyon pou kredi sou taks baze sou kantite kòb tout moun nan yon kay fè e kantite moun ki genyen nan yon fanmi pou ane sa. Moun ki kalifye pou kredi sa a, ka resevwa kòb la an avans pou redui kòb y'ap peye chak mwa a pou asirans. Kredi y'ap ba ou a ap aplike depi lè ou ap enskri nan plan ke ou te kalifye a sou mache asirans lan e kòb la pral jwenn konpayi asirans lan dirèk.

Rediksyon sou kou ou pataje

Yon rediksyon sou depans ou pataje disponib pou aplikan yo ki satisfè kondisyon enskripsyon an, moun k'ap resevwa asistans taks kredi sou pri ou peye pa mwa pou plan asirans lan, moun ki enskri nan yon plan “Lajan-Silver”, e moun ki genyen salè ki egal a oubyen piba ke 250% liy povrete gouvènman federal la etabli. Rediksyon sou depans ou pataje ka redui konbyen konsomatè

a pral peye pou bagay tankou dediktib, kòb ou ap peye avèk konpayi asirans lan avèk ko-asirans.

Plan Santé Ki Kalifye

Plan Santé ki kalifye yo dwe soti nan men yon konpayi asirans ki patante epi ki ajou avèk règleman leta, li dwe kouvri 10 benefis ki esansyèl pou la santé, ofri omwen yon plan “Lajan-Silver” e yon plan “lò-gold”, e li dwe dakò pou vann ou asirans santé pou menm pri ke yo ofri atravè oswa andeyò mache asirans santé a.

10 Benefis Ki Esansyèl Pou la Santé

Sèvis anbilans pou pasyan	Readaptasyon e sèvis adaptasyon ak aparèy medikal
Sèvis dijans	Sèvis laboratwa
Entèn lopital	Servicios de laboratorios
Sèvis pou Pwoblèm santé mantal e moun ki abize sibstans dwòg ak preskripsyon, ansanm avèk tretman pou santé konpòtmantal	Sèvis Prevansyon ansanm avèk sèvis byennèt e jesyon maladi kwonik
Matènite ak swen tibebe ki fenk fèt	Sèvis pedyat

Plan Santé Nan Mache asirans santé a Avèk Aranjman Metal Yo

Nivo Pwoteksyon	An Mwayèn Plan an ap peye	Moun Ki enskri yo peye an Mwayèn*
Bwonz	60 pousan	40 pousan
Ajan	70 pousan	30 pousan
Lò	80 pousan	20 pousan
Platino	90 pousan	10 pousan

*Anplis de sa ou peye pa mwa